


Prezidan Thomas S. Monson



Suiv Pwofèt yo

Mwen te sèvi nan lame Amerikèn nan nan fen Dezyèm Gè Mondyal la. Mwen sete yon maren, ran ki pi piti nan lame a. Apresa m te kalifye pou m te vin Maren Premye Klas, apre sa m te kalifye pou m te vin Kavalye Twazyèm Klas.

Dezyèm Gè Mondyal la te fini, epi m te resevwa relèv mwen. Men m te pran desizyon ke, si m ta janm gen pou retounen nan militè ankò, m te vle sèvi kòm dirijan militè. M te panse: “M pa vle sèvi nan kuizin ankò, ni lave pon bato ankò, si m ka evite sa.”

Lè m te fin relve a, mwen te antre nan lame Naval Etazini an. M t al nan fòmasyon militè chak Lendi swa. M te etidye anpil pou m te ka kalifye akademikman. M te pase tout kalite egzamen imajinab: mantal, fizik, ak emosyonèl. Finalman, m te resevwa bèl nouvèl sa yo: “Yo aksepte ou pou w vin resevwa ran ofisyè nan lame Naval Etazini an.”

Mwen te jwezman montre madanm mwen, Frances, lèt la, epi m te di: “M reyisi! M reyisi” Li te anbrase mwen epi l te di: “Ou te travay di pou w te pase.”

Epi, yon bagay te rive. Yo te aple m pou m te vin konseye nan episkopa pawas mwen an. Reyinyon konsèy evèk la sete menm jou swa avèk reyinyon fòmasyon militè m nan. M te konnen te gen yon konfli terib la a. M te konnen ke m pa t ap gen tan pou m te ranpli devwa m nan lame Naval la *ansanm ak* devwa m nan episkopa a. Kisa pou m te fè? M te gen yon desizyon pou m te pran.

Mwen te priye sou sa. Epi apre, m t al jwenn mesye ki te prezidan pieu m nan lè m te ankò yon tigason an, Èldè

Harold B. Lee (1899–1973), ki te nan Kolèj Douz Apot yo lè sa a. M te chita bò tab la anfas li. M te di l konbyen m te renmen pòs la nan lame a. Anfèt, m te montre l kopi lèt nominasyon m te resevwa a.

Apre l te fin panse sou sijè a brèfman, li te di mwen: “Men sa pou w fè, Frè Monson. W ap ekri Biwo Zafè Naval la pou w di yo ke, poutèt apèl ou resevwa kòm yon manm nan episkopa a, ou pa ka aksepte pozisyon sa a nan lame Naval Etazini an.”

Kè m te brize. Li te ajoute: “Apre ekri kòmmandan Douzyèm Distri Naval la nan San Francisco epi di yo ke w ta renmen yo relve ou nan lame a.”

Mwen te di: “Èldè Lee, ou pa konprann militè. Sètènman, y ap refize ban m nominasyon an si m refize aksepte li, men Distri Naval Douzyèm nan p ap relve mwen. Avèk yon lagè k ap devlope nan Kore a, mwen sèten ke y ap rele yon souzofisyè pou l al patisipe. Si yo ta rele m, mwen ta pi renmen ale kòm ofisyè, men m pap kapab si m pa aksepte nominasyon sa a. Èske w si se konsèy sa a ou vle m resevwa?”

Èldè Lee te pase men l sou zepòl mwen epi tankou yon papa k ap pale avèk pitit li, li te di: “Frè Monson, ou dwe gen plis lafwa. Militè se pa pou ou.”

M te retounen lakay mwen. M te mete nominasyon an ki te mouye ak dlo nan je m nan anvlop li akonpaye pa lèt nominasyon an epi m te di yo m pa t ka aksepte li. Apresa m te ekri Douzyèm Distri Naval la yon lèt pou m te mande pou yo te relve m nan lame Naval la.

Relèv mwen nan Lame Naval la te nan dènnye gwoup relèv yo te fè anvan Lagè Kore a te eklate. Yo te rele tout gwoup militè ki te nan katye jeneral mwen yo. Sis semèn apre yo te fin aple m pou m te konseye nan episkopa a, yo te aple m kòm evèk nan pawas mwen an.

Mwen pa t ap gen pozisyon m genyen nan Legliz la jodia si m pa t suiv konsèy yon pwofèt, si m pa t priye sou desizyon sa a, si m pa t vin gen yon konesans sou yon verite enpòtan: sajès Bondye souvan parèt foli pou lèzòm.¹ Men, pi gwo leson nou ka apran nan mòtalite a sèke, lè Bondye pale epi pitit li obeyi, y ap toujou gen rezon.

Yo konn di ke listwa depann sou ti desizyon, e sekonsa sa ye pou lavi nou tou. Desizyon detèmine destine. Men yo pa kite nou san èd pou nou pran desizyon nou yo.

Si nou vle wè limyè syèl la, si nou vle santi enspirasyon Bondye Toupuisan an, si nou vle gen santiman sa a andedan kè nou ke Pè Selès la ap gide nou, enben, suiv pwofèt Bondye yo. Lè nou suiv pwofèt yo, n ap nan teritwa ki gen sekirite.

NÒT

1. Gade 1 Korentyen 2:14.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Se pa anpil manm nan Legliz la k ap resevwa yon konsèy pèsònèl nan men yon Apot, jan Prezidan Monson te resevwa l la. Men nou ka toujou jwenn benediksyon si nou suiv ansèyman pwofèt yo ak apot yo. Panse pou w li diskou Prezidan Monson yo nan dènnye konferans jeneral la (sonje diskou pou louvri konferans lan ak sa pou fèmen l lan tou). Chèche direksyon espesifik

oswa apèl alaksyon. Ou gen dwa pale sou sa ou aprann yo avèk moun w ap vizite yo epi panse sou fason pou aplike konsèy Prezidan Monson nan.

JÈN YO

Konsèy pou chwa difisil

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan, te pale sou yon epòk kote li te suiv konsèy pwofèt la. Pandan yon konferans jeneral, Prezidan Ezra Taft Benson (1899–1994) te egzòte manm yo pou yo te retire tèt yo anba dèt—espesyalman dèt achte kay.

Prezidan Eyring te di: “M te vire gade madanm mwen epi m te mande li: ‘Èske w panse gen yon mwawen pou nou fè sa?’ Toudabò, nou pa t wè kijan.” Men, jou swa sa a, li te panse avèk yon pwopriyete yo t ap eseye vann depi dèzane, e yo pa t ka vann ni. “Nou te mete konfyans nou nan Bondye ak . . . nan mesaj sèvitè l la, [konsa] nou te fè yon apèl telefòn. . . . M te tande yon repons ki jis jodia fòtifye konfyans mwen nan Bondye ak nan sèvitè l yo.” Menm jou sa a, yon mesye te fè yon òf sou pwopriyete fanmi Eyring nan pou yon montan ki te pi plis anpil pase dèt yo te genyen sou kay yo a. Yo te vin byen vit libere tèt yo anba dèt (gade “Trust in God, Then Go and Do,” *Liahona*, Nov. 2010, 72–73).

Ou gen dwa pa gen dèt kay pou w peye, men ou ka toujou itilize konsèy pwofèt la tout tan nan desizyon difisil konsènan travay, edikasyon, yon misyon, ak sòti ade. Diskite avèk fanmi ou oubyen zanmi ou sou fason ou ka suiv pwofèt la lè w gen pou w pran desizyon.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Kalite Jezikri: Pitit Gason Obeyisan

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan fwaye ki dekri kalite Sovè a genyen.

Suiv egzanp obeyisans Jezikri ap ogmante lafwa nou nan Li. Èldè Jeffrey R. Holland nan Kolèj Douz Apot you te di: “Èske sa etonan pou Kris la chwazi toudabò e avantou pou defini tèt li parapò avèk papa li—ke l te renmen li e obeyi li e soumèt a li tankou pitit gason lwayal ke li te ye a? . . . Obeyisans se premye lwa syèl la.”¹

Ekriti yo anseye: “Epi lè nou resewva nenpòt benediksyon nan men Bondye, se nan obeyisans lalwa sa a kote benediksyon an tabli a” (D&A 130:20–21). Pwogresyon espirityèl nou fèt lè nou apwoche Bondye atravè obeyisans epi nou envite pouvwa Sakrifis Ekspyatwa Sovè a nan lavi nou.

Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot you te di: “Lè nou obeyi prensip ak kòmandman yo nan levanjil Jezikri a, nou jwi yon fowl benediksyon kontinyèl ke Bondye pwomèt nan alyans Li fè avèk

nou an. Benediksyon sa yo banou fòs nou bezwen pou nou aji olye nou senpleman kite moun ap aji pou nou pandan n ap travèse lavi a. . . . Obeyisans ba nou pi gwo kontwòl sou lavi nou, pi gwo kapasite pou nou vini ale, pou nou travay ak kreye.”²

Ekriti adisyonèl

Lik 22:41–46;

Doktrin ak Alyans 82:10; 93:28

Nan Ekriti yo

Èldè David A. Bednar nan Kolèj Douz Apot you te mande: “Èske fòs espirityèl ki soti nan konstamman obeyi kòmandman yo nou ka bay yon lòt moun ni?” “Repons lan se klèman . . . non.”³

Parabòl dis vyèj yo se yon egzanp sou prensip sa a. Pandan ke tout vyèj yo te pote lanp yo pou “al rankontre mesye marye a,” se sèlman senk ki te saj e ki te pote luil pou yo te mete nan lanp yo. Lòt senk yo pa t saj paske yo “pat pote luil avèk yo.”

Epi, nan mitan nuit la yon rèl te pati: “Men mesye marye a ap vini; annou al rankontre li.” Tout vyèj yo te prepare lanp yo, men vyèj ki pa t saj yo pa t gen luil. Yo te di vyèj saj yo: “Tanpre, ba nou yon ti gout nan luil ou an; paske lanp nou yo ap mouri.”

Vyèj saj yo te reponn: “Non, nou pa kapab; paske pa gen ase pou nou tout: Pito n al achte nan men machann yo.” Epi pandan vyèj ki pa t saj yo te ale a, mesye marye a te vini epi vyèj saj yo te ale avèk li epi yo te “fèmen pòt la.” (Matye 25:1–13).

NÒT

1. Jeffrey R. Holland, “The Will of the Father in All Things” (Brigham Young University devotional, Jan. 17, 1989), 4, speeches.byu.edu.
2. D. Todd Christofferson, “The Power of Covenants,” *Liahona*, Me 2009, 21.
3. David A. Bednar, “Converted unto the Lord,” *Liahona*, Nov. 2012, 109.

Konsidere bagay sa a

Ki kèk egzanp nou genyen sou obeyisans nan ekriti yo?